ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕЙ ЛЕ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№104 (21.262) ● 2008 гъэм накъыгъэм (майм) и 30, мэрем ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●
adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Абыдэ А.С. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щыхь тхылыр етыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Уголовнэ тезырхэр зэрыгаръэхь щІыкІэр зэтегъэувэным къыщихьа екъулІэныгъэхэм икІи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етын **Абыдэ Ахьмэд Сраж и къуэм** - Тезырхэр егъэхьыныжкІэ Федеральнэ ІэнатІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЬАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2008 гъэм накъыгъэм и 28-м
№59-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Унафэ

2008 гъэм накъыгъэм и 28-м *№19-РП*

1. Къару ямыІэжу къэлытэн:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым деж Лъэпкъэм, динэм, жылагъэр зэгуэныгъэхэм я Іуэхуэмкі Іэ щыІэ комиссэм теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм накъыгъэм и 15-м ищІа Унафэ №16-РП-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым деж Лъэпкъэм, динэм, жылагъэр зэгуэныгъэхэм я Іуэхуэмкі Іэ щыІэ комиссэм хэтхэр къэщтэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м ищІа Унафэ №37-РП-м.

2. Мы Унафэм къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент К ЪАНОКЪУЭАрсен

● КЪБР-м и Парламентым

Зи чэзу Іуэхухэр

Накъыгъэм и 28-м КЪБР-м и Парламентым щекІуэкІащ депутатхэм я зи чэзу зэпэщІэ. Парламентархэр зэпхьащ Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэ 20-м нэблагъэм. Зытепсэлъыхьыныгъэм дыщІагъэуэжахэмрэ пІалъэкІэ ягъэІэбагъэмрэ зэхагъэкІа нэужь, хабзэ зэрыхъуам тету, зэйущІэм и пэублэм депутатхэм Іэ яІэтащ къэрал къулыкъухэр зыхуагъэфащэхэм папщІэ.

ЗэзыгъэкІуж судыяу хахащ **Абазэ Хьисэн** (суд Іуэхуэщ1апІэ 2, Шэрэдж районы), **Дзэгужей Ольгэ** (суд Іуэхуэщ1апІэ 1, Іуащхьэмахуэ районы), **Льостэн Аслъэн** (суд Іуэхуэщ1апІэ 1, Тэрч районы), **Тхьэгъэлэдж Залым** (суд Іуэхуэщ1апІэ 1, Лэскэн районы), Налшык къалэ и суд Іуэхуэщ1апІэ 2-м - **Уэрыс Ирин**, 6-м - **ФІэщмахьэу Тимур**, 14-м **Хьэщ-хьэжь Роман**, 12-м - **Шатиловэ Иринэ** сымэ. НэгъуэщІ Іэнатіэ зэрыратам къыхэкІыу, и чэзур нэмыкъу депутат къалэнхэр щхьэщахащ **Соттаев Къурмэн.**

Адэлэ парламентархэр зэпхьащ КЪБР-м щызекІуэ Хабзэ зыбжанэм хуащІа хэлъхьэныгъэхэмрэ зэхъуэкІыныгъэхэмрэ. Псалъэм папщІэ, депутатхэм еджэгъуэнтІкІэ кьащтащ КЪБР-м и Адвокат палатэм и квалификацІэ комиссэм КЪБР-м и Парламентым и лІыкІуэхэр кьыдэрыхьхэ щыкІэм теухуа Унафэм и 4-нэ статьям дыщІагъуэжахэр. Апхуэдэу япэ-етІуанэ кьеджэгъуэжь пкатьэкІащ административнэ хабзэхэм ебакъуэхэм я Іуэхуэ КЪБР-м и Кодексым хуащІа хэлъхьэныгъэщІэхэр, КЪБР-м и къэрал къулыкъу зезыхьэхэмрэ апхуэдэ Іэнатіэм пІалъэкІэ езыхьжьхэмрэ ятеухуа законопроектыр. ЗэхъуэкІыныгъэхэр халъхьащ Егъэджэныгъэм теухуа Законыр - 14-нэ, 61-нэ статьятхэм, нэгъуэщІхэми.

Парламентархэр жыджэру тепсэлъыхьащ КЪБР-м и Парламентым и депутатхэр хэхыным теухуа законопроектым. Абы хуащІа зэхъуэкІыныгъэхэм зэрепльыр кьаІуатэу кьеІэпсэльащ Къарджэ **Шыбзыхьэуэ Мухьэмэд, Махуэ Владимир, Мэремыкьуэ Арсен** сымэ, нэгъуэщІхэр.

Парламентым Щэнхабзэмкіэ, спортымкіэ, туризмэмрэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и комитетым и унафэщІ **Іэпщэ Заур** и жэрдэмкіэ депутатхэр хэпльащ икІи пхагъэкІаш «Документхэм я экземплярхэм я гъэпсыкІэ мардэхэм теухуа» законопроектым федерал законодательствэм ипкъ иткІэ хуэщІыпхьэу кьалытэ зэхъуэкІыныгъэхэр.

ЕтІуанэ еджэгъуэкІэ кьащтащ КЪБР-м и Конституцэмрэ хабзэубзыку Іуэхугъуэ зыбжанэмрэ хальхьа зэхъуэкІыныгъэхэр, кьару имыІэжу кьалытащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым къэІэпхьуэхэм я бжыгъэр зэтеІыгъэныкІэ пльэкІэ зэфІэгъэкІыпхьэ Іуэхуэхэм теухуауэ» Парламентым кьыщтауэ щыта унафэм.

Дыкъэзыхъуэрихь дунейм и щІыуэпсымрэ псэущхьэхэмрэ хьумэным, аэрэ зэгъэзэхуауэ кьэгъэсэбэлъным теухуауэ зэ еджэгъуэкІэ кьыщта законопроектыр депутатхэм я пащхьэ кьрилъхьащ Аграрнэ политикэмрэ щІыпэпсым и беягъыр кьэгъэсэбэпынымкІэ комитетым и унафэщІ **Несутулов Виктор.** КЪБР-м и Профсоюзхэм я федерациэм и юрист **Мер Людмилэ** зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ лэжьапІэхэмрэ Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэмрэ я зэхуакъу дэлъапхъэ зэпыщІэныгъэхэм икІи а Іуэхуэмкіэ законопроект кьащтэну кьыщыхилъхьэм, парламентархэм ар дайгъащ.

Хабзэ зэрыхъуам тету, депутатхэм я зэлуІэм «правительствэ сыхьэт» хэтащ. Ар теухуауэ щытащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2007 - 2011 гъэхэм зэрычэтыщІэ Іуэху мыиным зыщегъэужьынымрэ республикэмпсэ программэр гъэзэнчэщ зэрыхъуам, абы ипкъ иткІэ мы лъэхъэнэм ирихьэлІэу зэфІэгъэкІахэм, нэгъуэщІхэм. А Іуэхуэмкіэ парламентархэм я пащхьэ кьыщыпсэльащ икІи кьэзыгъэсахэм я упщІэхэм жэуап иритащ КЪБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министр **Мусуков Алий.**

КЪБР-м и Сабий фондым и унафэщІ **Умэ Светланэ** кьэпсэльапІэр хуит щыхуащІым, абы депутатхэм захуигъэзащ «Сабийхэм унэ яхудощІ» социальнэ проект зэхэублэныжмкІэ. Ар кьызыхихар щигъэнэхуэм, Умэм кьыхигъэщащ балигъ ныбжьым нэса яхэмыту сабиипщІ щапІ унагъуэу Нартан кьуажэ дэсыр дэІэпыкьуэгъу зэрыхуэныкьуэр, бынунагъэщхуэу зыдэлэпльакьуэр хуеІэжьмащІэми, мыр апхуэдэхэм ялейуэ зэрыщытыр. Депутатхэм даІыгъащ Умэ Светланэ и жэрдэмкІэ икІи мы Іуэхум пащІэрыщІэ хэмылъу, абыкІэ жэуап зыхь ведомствэхэм кьеІэлауэ «правительствэ сыхьэт» ирагъэкІуэжьыну зэгурыІуащ.

НЫБЖЬ Таисэ.

2008 гъэм и япэ кварталым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщІэным кьрикІуахэм я Іуэхуэмкіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2008 гъэм накъыгъэм и 23-м *№117-ПП*

2008 гъэм и япэ кварталым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам теухуа отчетыр кьащтэн икІи ар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым хэпльэн папщІэ хуегъэхьын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 ЯРИН Андрей

● Зэпеуэхэр

Япэ увыпІэр - ди лъахэгъу ныбжьыщІэм

Республикэм и курыт еджапІэхэм я гъэсэн щыкІуэкІэр зы ильэсэ ягъэзэжу зэхэтэу щыналъэпсо, къэралпсо, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм, олимпиадэхэм. Апхуэдэу ди школакІуэхэм я зэфІэкІ мы гъэсэн щагъэлъэгъуащ «Кенгуру» дунейпсо зэпеуэм.

Джанкишиев Тимур
Сурэтыр **Елькэн Артур** *трихащ.*

ЕСЭПЫМ дихьэх ныбжьыщІэхэу 2-10-нэ классхэм щеджэ школакІуэ минхэр хэтащ а зэхьэзэхуэм. ЕджакІуэхэм я ныбжь ельытауэ зэщхьэщыхьэу екІуэкІа дунейпсо зэпеуэр зы махуэм икІи зы зэманым щекІуэкІащ ди къэралым и щыналъэ псоми.

Хабзэ зэрыхъуам тету, «Кенгуру» кьрикІуахэр гъэ еджэгъуэм и кІэм нІуэ ящІу абы и кІэлъэгъэпэщакІуэхэм. Мыгъэрей зэпеуэм ди республикэм екъулІэныгъэфІхэр кьыхуихащ. 2-4-нэ классхэр зыхэта Іыхьэм щытекІуащ Налшык дэт гимназиэ 1-м и 2-нэ класс «Б»-м и еджакІуэ Джанкишиев Тимур. Абы кьратащ академик цІэрыІуэ, «Кенгуру» и Президент къыхэзгъэпэщакІуэ комитетым и тхьэмадэ Башмаковым и Іэ зыщІэль щыхь тхылъхэр кьигъэльэгъуэ зэфІэкІхэр зэрыт дэфтэрэхэр.

ЩІалэ гурыІуэгъуэ щыкІуэм зэрысабийрэ есэпыр фІыуэ ильагъуу, кроссворд зэхэумыдэхэр Іэзэу ищІыкъу кьоуэу. Апхуэдэу абы ягупсысэкІэ куу, езым и дунеен еплъыкІэ иІэжщ. Апхуэдэу льагэщ Тимур и мурадхэри. БалигъыпІэ иувэмэ, абы щІэныгъэщхуэ зэрыгъэтыну, къэралым унафэщІ хьуну щІохьэпхъ.

- Урысейпсо утыкум кьыщылъхьа мы текІуэныгъэр си адэ-анэхуэу Артуррэ Іэсиятрэ, апхуэдэу си егъэджакІуэ Хужакьуэу Ларисэ сымэ тыгъэ яхуэощ, - жеІэ зи нэхэм нурыр кьыщІих щІалэ зечиифІэ щыкІум.

И гурыІуэгъэр нахуапІэ хьуну, республикэм, къэралым, дунеен псом щІэрыІуэ зэрыщыхьуфІэ зэфІэкІ инхэр кьыкьыуэкІыну дохьуэжьу Тимур.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Узынщагъэ

ЯщІари мащІэкъым

Бабугент къуажэм дэт амбулаторэм медицинэ Іуэхутхьэбзэ щагъуэт щыху мини 2-м щигъум. Іэнатіэр кьызэгъэпэщащ сымаджэхэр зыхуеину псомкІи: терапевтическэ, физиотерапевтическэ, акушерскэ, мастэ щыхальхьэ, дэзм щеІэзэ пэшхэр, лабораторэ хьарзынэ яІэщ.

НАРШАОВ Ахьмэт зи пашэ гупыр районым щынэхъыфІхэм ящыщщ. Абы щылажьэ дохутырхэм, фельдшерхэм, медсестрахэм яхэткъым зи Іэщагъэм фІыуэ хэзымыщыкІрэ зи щІэныгъэм хэзымыгъахьэрэ. Лэжьакіуэхэр егъэпІейтей нобэ зызыубгъуу хуежьа лъшх, гу лъэнтхуэ узыфэхэм. Аущ апхуэдэ щытыкІэр здэщыІэр ди республикэм и закъуэкъым. Абы кьыхэкІыу амбулаторэм щылажьэ дэтхэнэри гурэ псэкІэ и кьалэным бгъэдэтщ: пІалъэ хэхам тету унагъуэхэр кьызэхакІухь. Нэхъыжьхэмрэ сабийхэмрэ я узынщагъэр кьапщытэ, цІыхухэм псалъэмакъ щхьэпэхэр драгъэкІуэкІ.

Мы амбулаторэр зэраухуэрэ илъэс 20-м щІигъащІ, шэч хэлъкъым ар зэгъэпэщІыжын, зехьэн зэрыхуейм. Кьуажэ администрацэр я щІэныгъэкъуэну, а лэжьыгъэхэр зэрызэфІагъэкІыну Іэмалхэр зэрагъэуІу.

ТОХЬУТЭМЫЩЛанэ.
Щэрэдж куей.

ЗыгъэпсэхупІэхэр ягъэхьазыр

КЪУЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и гуэлхэм тет кьхуафэжьей щыкІуэкІэ къэрал инспектор нэхъыщхьэ Бетрожь Алик щыгъуазэ дызэрищІамкІэ, гъэмахуэм щыхуэхэм зыщагъэпсэхуну щыпІэхэр кьызыхуэтынщэу щызэфІагъэхьащ административнэ щыналъэу 5-м. КЪБР-м и щІыпІэ щхьэхуэхэм я административнэ я унафэкІэ, псы, гуэл Іуфэхэм зыгъэпсэхупІэ щІыпІэу 9 кьыщыхэзгъэпэщащ.

Абы хохьэ Налшык и етІуанэ, курорт гуэлхэмрэ трекымрэ, Шэрэдж куейм и Ипщэ гуэл щхьэантІэхэр, «Кьаншауэ», «КФХ» псы хуабэ кьыщІэжьыпІэхэр, Тэрч, Май куейхэм я кьалэ гуэлхэр, Прохладнэ районым Комсомольскэ щІэр зэрихьэу щыІэ гуэлыр. Мы щІыпІэхэр зыгъэпсэхуакІуэхэм ягу дыхьэн хуэдэу, сыт и лъэныкъуэкІи кьызэгъэпэща чэзуэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● «Адыгэ псалъэр» къыхызох

Лъэпкъым хуолажьэ

ЗЭИ СИГУ ихужьинкьым пощтэзехьэм екІуэу, башым и Іэр тельу ди адэр бжыгъхьэІум тесу зэрыщытар.

Шы лъэ макъ зэрызэхихыу, «Куэт, тІасэ, газетыр кьыдыкьэт, - жиІэрти, сыдигъэкІырт. Сэри шууэ кьэкІуа пощтэехьэм кузжэ сэхьым кьыдилъхьа газетыр кьасщэрти, ди адэм хуэсхьырт, сыпІащІу.

Мис абы лъандэрэ «Ленин гъуэгу» зэрыщІэкІ «Адыгэ псалъэм» зэрыхуэкІуам срищьыхьэту сыкьодигъэкІырт. Сэрэ шууэ ди унагъуэм илъащ икІи илъынщ. Сыту жыІэмэ, псом япэрауэ, дэ абы дыкьыдэхьуащ. ЕтІуанэрауэ, дунеим кьыщыхьухэм я хьыбар махуэ кьэс кьытІэрызыгъэхьэ газет дызэрИэр куэд и уасэщ. А псом кьищынымащІыжа, газетыр ди анэдэлъхубзэ щэрыуэкІэ тхащІи, сабийхэм я бзэр кьебгъэщтэнымкІэ икьукІэ дэІэпыкьуэгъу щхьэпэщ. Си гуапэщІ «Адыгэ псалъэм» нэхьри зиуэзыщу льэпкъым хуэлэжьэну.

ХЪЫЖЬРОКЪУЭ Зерэ.
Бахьсэн куей,
Дыгулыбгъуей кьуажэ.

Ди газетыр къыфІэрыхьэну фыхуеймэ
Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!
Фигу къыдэхьыжьыр 2008 гъэм и етІуанэ илъэс нобэрэм кьыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ къудэкІэр зэрелІуэкІыр.
Илъэс нобэрэм газетыр и уасэщ сом 356-рэ кІэлъыкІи 10-рэ.
«Адыгэ псалъэм» Іэ щыкІебдзэ хэтыну республикэм и ныкъо Іуэхущ1апІэ псоми.

Ди индексыр 51531

● Зэлущ1эхэр

Динымрэ щэнхабзэмрэ

Дыгуасэ Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар кьэхутэныгъэхэмкІэ и институтым щекІуэкІащ Кавказ Ищхьэрэм иС республикэхэм, Москва, Дон Іуфэ Іус Ростов, нэгъуэщІ щыпІэхэмрэ кьиІа щІэныгъэлІхэр, исламым диным и лэжьакІуэхэр зыхэта зэхуэсыщхуэ, мы зэманым динымрэ щэнхабзэмрэ зэхуаІэ хьуа зэхуэщытыкІэхэм, дипэкІэ лэжьыпхьэхэм теухуауэ.

ЩІЭНЫГЪЭ-практикэ конференцэм доклад хьарзынэхэр щащІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым и чэнджэщэгъу, тхьдэ щІэныгъэхэм я доктор Думэн Хьэсэн, Дунейпсо исламым Іуэхущ1апІэм и президент Халилов ТІэхьир, Кавказ Ищхьэрэ щыІэ мусылъмэхэм Іуэхущ1апІэхэм я Зэзыгъэуіу центрым и тхьэмадэ Бердиев Исмэхьил, Къэбэрдей-Балъкъэрым и мусылъмэхэм я Іуэхущ1апІэм и унафэщІ Пщыхьэщ Іэнас, Осетие Ищхьэрэм и щІэныгъэ-хьэхутакІуэ институтым и лэжьакІуэ Дзераев Тимур, КъБКъУ-м и егъэджакІуэхэу, еджагъэщхуэхэу Унэж Кашиф, Тетуев Борис, Къалмыкъ Жылэбий, гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ институтым и лІыкІуэхэу Мамбэт Хьэлым, Биттировэ Тамарэ, Аккиевэ Светланэ, КъБР-м и мусылъмэнхэм я Іуэхущ1апІэм и унафэщІым и къуэдзэ Сыжажэ Алим, нэгъуэщІхэмэ.

Зэхуэсым щыжиІахэм, кьыщыхатыхьа Іуэхуэгъэхэм, щІэпхьаджагъэр ялэжьащ республикэр щхьэхуит зэрыхъуэр илъэс 16 щрикъу махуэм.

ЩІЭНЫГЪЭ ЗЭХАГЪУВЭ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и Къэрал Советым - Хасэм и пресс-Іуэхущ1апІэм къызэритамкІэ, Адыгейм и Хэкакіуэ комиссэр щІрыщІэу зэхэсхуэкІ щІадзащ.***

АДЫГЕЙМ иджыпсту щыІэ Хэхакіуэ комиссэр зэрызэкІуэну и пІалъэр мэкъуэгъуэм и 6-м йокІ. Абы кьыхэкІыуи, щыІэ хабзэм ипкъ иткІэ, Къэрал Советым -Хасэм комиссэщІэ зэхэпсъуэвэн щІидзащ. Абы хагъэхьну кандидатхэр яубыхуащ. Аэр 8 мэхъу. ЩІыпІэ парламентым и кьыкІэлъыкІуэ зэІущІэм абыхэм щхьэкІэ Іэ зэраІэтым елытагъэ, аэр республикэм и Хэкакіуэ комиссэм хагъэхьнущ.

Зэпсэльэныгъэхэм кьыхэкІыжыну кьыхуреджэ

АБХЪАЗ. ***ООН-м и ИэІэ щІэту екІуэкІ курсы-абхъаз зэпсэльэныгъэм ныкъо ящІэр мы лъэхъэнкІэ хъунущ. Республикэм изэхущІ къэрал Іуэхуэхэмкіэ и министр Шамбэ Сергей зэрыжиІамкІэ, ООН-м и экспертхэр Курскым и тельхэу зэтыти сыт хуэдизэр хуэрыкъуэм зэхьаныр, абыхэм я лъэныкъуэ хьунщ.***

ШАМБЭ Сергей апхуэдэуи кьыхигъащІ куржы кхъухьлъатэ-ПасхьэщІэх Абхъаз щыгум идкьыблагъэ кьащІрадыухар Урысей Федерацэм и ЩІэщІагъуэ ООН-м кьыдэрилытар и псалъэхэм щыхьэт зэрытехъуэр.

Кьыхэдгъэщынщи, махуэ зыбжанэ и пкІэ Бэгъэпщ Сергей республикэм и парламентым зыхуигъэзащІ щытащ ООН-м и ИэІэ щІэту екІуэкІ куржы-абхъаз зэпсэльэныгъэхэм Абхъазыр кьыхишьыжыну кьыхуриджэну.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Хъыбар гуапэ

Гектар 80-м щІигъу

Уэшхьщхуэхэм я фІыгъкІэ щІалъэ кІыщІкІэ зэпыуауэ щытами, Байкал гуэм и мэзыр аргуэру мафІэм ес.

МЧС-м и щІыналъэ къуадэмэм къызэритамкІэ, ипэ ита жэщ-махуэм гектар 80-м щІигъум мафІэку 12 кьыщыхьуащ. Абыхэм я нэхьыбэр кьуажэ гъунэхэм хуоэ.

КъегъэлакІуэхэм къызэралытэмкІэ, а кьэхъукащІэ хьэпъэхэр щІыпІэхэм щыпсэухэм я Іуэжьщ.

(ИТАР-ТАСС).

Академием зеубгъу

ЩэхуУ ирагъэкІуэкІа ІэІэтым кьрикІуар зэхалъхьжа ныжь, Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и Академием дыгуасэ щагъэнэІуащ щІэуэ хаха академикхэмрэ членкорреспондентхэмрэ я щІэр.

РАН-м и академик хьуахэм ящыщщ Хабаровск крайм и губернатор Ишаев Виктор, Хьэршхутэ институтым и унафэщІ Зеленый Лев, Иджырей экономикэмкІэ институтым и директор Глазьев Сергей, Урысейм и МИД-м лъэпкъ зэхущытыкІэхэмкІэ и Мэзкуу къэрал институтым и ректор Таркунов Анатолий, нэгъуэщІхэри.

РАН-м хахащ хамэ къэралли 7-м, кьапщтэмэ, Германием, США-м, Китаймрэ Украинэм, Италием, Франдзыжь, Финляндием щыщ еджагъэшхуэу 13.

Академикхэр 44-рэ, членкорреспондентхэр 112-рэ мэхъу.

Премьер-министр Путин Владимир дыгуасэ РАН-м и зэхуэсым кьыщыпсэльащ. Абы кьызэрыхигъащІамкІэ, 2008 - 2010 гъэхэм кьэхутэныгъэщІэхэм сом мелард 600-м нэблагъэ хухахыщ.

Я кьалэнхэм топсэльыхь

«Зыуэ щыт Урысейм-м и кьалэнщ, нэхъ мащІэ арауэ, 2020 гъэ щІыпІэ изгъэущІхэм я лэжь и ефІэкІныгъэр кьыщыхэрихьэщыну».

Партым и Совет Нэхъыщхьэм и унафэщІ, Къэрал Думэм и спикер Грызлов Борис апхуэдэу щыжиІащ дыгуасэ кьызэІуаха я партпсо конференцым. Абы щыІэныгъэхэм мы лъэхъэнэм организацэм кьытщыт кьаІэныгъэ нэхъыщхьэхэр.

Дыгуасэ хуэдэу, ноби зэІуущІэр зэхуэщІауэ ирагъэкІуэкІынущ.

Террористхэр мэятэ

Цхэнвал къалэм дыгуасэ щІэлдзыжьым кьыщыгъэущ 1ащІыжьыкІэ уэрэд автомашинэр.

Абы милицэм и лэжьакІуи 5-м фэбжь хахащ, 2-р уІэгъэ хьэлъэщ.

Осетие Ищхьэм и хабзэхъуэмэхэм кьызэратамкІэ, автомашинэр Куржым и щІыналъэм щауэдащ. Ар террорист хьэгъэщагъэу кьалытэ, сыту жыпІэмэ, а щІэпхьаджагъэр ялэжьащ республикэр щхьэхуит зэрыхъуэр илъэс 16 щрикъу махуэм.

Тембот ФатІимэ и лъагапІэщІэ

Дыгуасэ Москва щыізэхэтащ ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей Академием (РАН-м) и Илъэс зэІущІэшхуэ. Зэхуэсым кьрихьэІа Академикэм зэдзэрэщІ РАН-м и член-корреспондент ухащ Тембот ФатІимэ Асльэнбий и ныхьр.

ТЕМБОТ ФатІимэ адыгэ щІэныгъэ лэжьакІуэ пажэхэм ящыщщ. Биолог унагъуэм хальхуа а бзылъхугъэр щІэныгъэлІ щыпкъэ, ФатІимэ и член-корреспондент щыта и адэ Тембот Асльэнбий щрихьэжьа Іуэхугъуэщ1э куэдым екІуу пызыща къэхутакІуэщ. 1981 гъэм диплом плъыжькІэ КъБКъУ-м и биологие къудамэр кьнуха ныжь, щІэныгъэм хуэнэхъуеиныр ФатІимэ аспирантурэм щІэтІысхащ икІи хуэдэ дэмыкІыу и кандидат диссертацэр екъулІэныгъэкІэ пхигъэкІащ. КъыкІэлыкІуэ илъэсхэм ар доктор диссертацэм щелэжьащ РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр ЩІэныгъэ Центрым БгыІэ щыпІэхэм я экологиемкІэ и институтым икІи 1999 гъэм утыку кьрихьа а лэжьыгъэм пщІэшхуэ щиащ щІэныгъэлІхэм я деж.

А институтым и унафэщІым и кьуэдзэу щыІэмкІэ - РАН-м и член-корреспондент цІэр къызэрыфІащамкІэ - гуапэу дыдэхъуэу. Ар бзылъхугъэм и нужьрей текІуэныгъэхэу кьызэрыщІэмыкІынум щэч кьытетхъэркъым.

ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академиер, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакІуэхэр, Къэбэрдей Адыгэ Хасэр.

Академиер зыгъэхьэзырар ХЬЭЖЬКЪАРЭ Аликъ.

Лъэпкъ Іуущ1ыгъ:

Жылэ зезыхьэр жылэ и уасэщ.

Къалэм жан

Гуртуев Сэлихь и къалэмыпэм къыщIэкIащ балькъэр литературэм лъэбакъуэщIэ езыгъэчэ тхыгъэ кушIапфIэ куэд, абы и усыгъэхэр лъэпкъ поэзием и лъаганIэхэм ящыщ хъуащ.

Гуртуев Сэлихь СультIанбэч и кIуэ Акъ-Су (Белая Речка) къуажэм 1938 гъэм накъыгъ мазэм и 28-м кьыщалъхуащ. Сабийуэ и нэгу щIэкIащ лажьэ зимыIэ лъэпкъ хейр 1944 гъэм зыхадзауэ щыта хьэзабыр - ильэс пищыкIутI щигъэкIуащ хамэ щIыналъэм, арауэ курыт еджанIэр къыщиухари. Хэкум къигъэзжа нэужь, Сэлихь щеджащ Къбэрдей-Балкъэр къэрал университетым, ар 1963 гъэм къиухащ. Абы лъапсэр Гуртуев Сэлихь печатым щолажьэ: 1965-1968 гъэхэм Совет районым газетым и редактор нэхъыщхьэщ, 1970 гъэм щыщIэдзауэ «Коммунизмэ жол» газетым Iуэху щиIащ. 1981-1991 гъэхэм Къэбэрдей-Балкъэр АССР-м Тхыль тедзапIэхэмкIэ, полиграфиемрэ, тхыль сатумкIэ и къэрал комитетым и унафищI кьулыкъыр зэрихьащ. 2003 гъэ лъандэрэ «Минги Тау» журналым и главнэ кIэщIу.

Ильэс щы пикъуэм щигъуащ Гуртуев Сэлихь усакIуэм и къалэмыр зэригъабзэрэ. 1961 гъэм дунейм кьытехьащ абы и яп уэсэ тхыльыр, «Пшэдджыжь» зыфIищар, ар щIэзапIэ яхуэхьуащ усакIуэм и Iэдакъэ кьыщIэкIа тхыль тIощIым щIигъэм.

Сэлихь и усыгъэ куэд зэрадзэкIащ урысыбзэкIэ, тыркубзэкIэ, кьыргызыбзэкIэ, мэжарыбзэкIэ, адыгэбзэкIэ, куржыбзэкIэ. УрысыбзэкIэ зэдзэкIауэ, Москвам Налшыки къыщыдзкIащ «Уроки добра», «Песня птицы», «Синий ливень», «У Белой Речки на виду» уэ тхыльхэр; куржыбзэкIэ кьыдзкIащ «Уэрэд къыжьЕ» уэ тхыльыр.

Гуртуев Сэлихь балькъэрыбзэкIэ зэридзэкIащ Пушкин, Лермонтов, Лермонтов Михаил, Мицкевич Адам, Карим Мустай, Айтматов Чингиз, КIыщокIуэ Алим сымэ, нэгъуэщI усакIуэ куэдми я тхыгъэхэр. Къаруушхуэ иригъэлIащ Руставели Шота и «Къапльэныфэ зыщыгъ зекIуэлI» поэмэр зэдзэкIыным - ар балькъэрыбзэкIэ дунейм тIуэнейрэ къытехьащ, абы пашэ Гуртуев Сэлихь кьратащ Куржы ССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Щыхь тхылъыр. БалькъэрыбзэкIэ Сэлихь зэридзэкIащ Шиллер Фридрих и «ЩIэпхъаджагъэмрэ лъагъунгъэмрэ» драмэ тельыджэр, езым и Iэдакъэ кьыщIэкIа пьесэ зыбжанэ щагъэуващ Балькъэр къэрал драмэ театрым.

Ильэс куэдкIэ елэжьащ Гуртуев Сэлихь къэбэрдей уэрэд и фIыщIэр балькъэрыбзэкIэ зэзгъэкIыным - адыгэ усакIуэхэм я тхыгъэ нэхьыфIэхэр щызэхуэхьэса антологие абы и анэдэлхъубзэкIэ 2006 гъэм кьыдигъэкIащ.

Лъэпкъ литературэм хилъха гуащIэм папщIэ, Гуртуев Сэлихь кьыфIащащ Къбэрдей-Балкъэрым щихьэмкIэ щIыхь зиIэ и лъахьэкIуэ щIэ лъапIэр, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и ЩIыхь тхыль къратащ.

Гуртуев Сэлихь и яп уэсэ тхыльыр 1961 гъэм кьыщыдэкIам щыгъуэ Кулиев Кайсын итхыгъуэ щыта: «Сэлихь и яп уэсэм уи фIыщ ящI абы гъуэгуанэшхуэ кьыдэрыщIэльыр, кудкIэ уищIуэ зэрыхъунэр - арауэ усакIуэ щIалэм и яп тхыльыр щыхьэт зытехьэр».

УсакIуэ щIэдзапIэ жьэ махуэ инсэльыкIауэ къыщIэкIащ; Гуртуев Сэлихь зи щIэр жьыжь щыIуа, зи щIэр лъагэ, зи кьару илыпIуэ усакIуэщI нобэ - куэд хуэзфIэкIауэ, ихъыбжьым хуэщафIэр, зыгъэзэнэщхьэйр кууэ зыхущIэнымэ зэрыхъущIыжьыр.

1967 гъэм Москва къыщыдокI «Синий ливень» уэ тхыльыр. Абы усакIуэр къэрегъэщIыку урыс тхыльеджэхэми. ЩIэщыгъуэу, жану, гупсысэ куу, гурыщIэ кьабзэ яхэлъу гъэпса усэхэм тезгъуахуэу газетхэм тхыгъэ зыбжанэ кьытохуэ.

Сыт хуэдэ Iэнатlэ Iутами, Гуртуевым зэи зэпигъэуэкьым и творческэ лажьыгъэр. Абы кьыдигъэкIащ тхыль 27-рэ. И тхыгъэхэм усакIуэм кьыщIэтI щIыхуэхэр зыгъэпIейтей, абыхэм яубзыхуну зыхуей, гъащIэм щIынэхъыщхьэу зыгъэпытапхъэ Iуэхугъуэхэр. Сэлихь хуащIыжу ахэр бзэ щэрыуэкIэ, образ, зэгъэпщэныгъэ щIэщыгъуэхэмкIэ кьИуэятэм икIи ар кьоХуэлIэ. Абы и усэхэм, поэмэхэмкIэ къыдэкIа щIэзыхьох. Цыхуэхэм я закъуэкьым ахэр зейр. УсакIуэм кьеГъэпсалъэ тхыдэри, зэманри, жыгхэри, бгыхэри. Абы нэхэри гъэщIэгъуэн щIэ Сэлихь и тхыгъэхэр.

Гуртуевым и IэщI хэкум, лъэпкъым, щIыхьым, ныбжьэгъуГъэм, лъагъуныгъэм теухуа усэ куэд. Сыт хуэдэ темэ кьиIэтми, абы хуэзфIокI иджыри къэс гу зылъамыта бгъэдыхьэкIэщIэ гуэр къигъуэтын. Ар и щыхьэщ усакIуэм гупсысэ жан зэрИэм.

Сэлихь емышу, щхьэх имыщIэу дунейм кьытригъэхьэ и тхыгъэхэм кьадэкIуэу, лэжьыгъэшхуэ ирегъэкIуэкI езым и анэдэлхъубзэмкIэ нэгъуэщI лъэпкъхэм ящыщ усакIуэхэр кьэгъэпсэлъэныр хуэунэтIауэ. БалькъэрыбзэкIэ зэридзэкIри, абы кьыдигъэкIащ къэбзэрдей усакIуэхэу ПащIэ Бэчмырзэ дежь кьыщыщIэдзауэ нэхъыщIэхэм нэс я лирическэ усэхэр зэрыт тхыльхэр.

Къэбэрдей поэзием екъэлIауэ Сэлихь лэжьыгъэшхуэ зэфIигъэкIащ. Абы балькъэрыбзэкIэ зэридзэкIри, 2006 гъэм кьыдигъэкIащ къэбэрдей усакIуэ 32-м я усыгъэхэр зэрыт «ГъащIэ мафIэ» антологиер. Апхуэдэ тхыльэ дунеим япэу кьыщыхьтехьэр иджыщ. Абы папщIэ Гуртуевым хуэфащэщ фIыщIэ ин.

Апхуэдэу Iэзэу абы балькъэрыбзэм кьригъэзэгъащ югослав, поляк, тырку, болгар усакIуэхэм, Маяковскэм, Есенинымэ, Симоновым, Пастернак, Гамзатовым, Кугультиновым, нэгъуэщIхэми я тхыгъэхэр.

Гуртуевым и ныбжьыр ильэс 70 ирокIу. Ар иджыри жанщ, узынышэщ, куэд илэжьауэ нэхъыбэжьми и гур хуоплъэри, ди гуапэщ, хъуэпсапIэу ящ псори кьехъулIэну.

КЪАГЪЫРМЭС Борис.

Гуртуев Сэлихь и унагъуэр: и щхьэгъусэ Зое, и къуэхэр - Расулрэ Маратрэ, ипхъу Джамилэ, и къуэрылъху-пхъурылъхуэхэу: Айгюль, Дианэ, Хьэуа сымэ.

Уи щIыхуэ тетIуу къыдолытэ

УЭ ЛIЫГЪЭзепхьащ - уи анэдэлхубзэкIэ зэбдзэкIащ Руставели и поэмэ уахътыншэр. Къайсын кьызжиIащ ар кьиузэрохъулIар - дэбгъуэн щымыIэу зэбдзэкIауэ елыгъэ. Абы дыщыгугъуфыкIащ псори - уи щIыхуэ кьыттехуауэщ дэ пщIэзэрытщIыхуэр. Куржы усакIуэхэм я усэ куэдри балькъэрыбзэкIэ зэрыщIэдзэкIами дыщыгъуэзэщ дэ, ар ди гуапэ зэрыхъуар бжьэдэ. КуржыбзэкIэ зэздзэкIауэ, уи усэ тхыльэ ильэс 50 ущрикъум ирихьэлIэу Тбилиси кьыщыдэкIынущ. Ткъдгъэб лэгъэну ди м урадщи, хьэщIэ утщу зкъуэмэ, ди гуапэ дыдэщ.

АБАШИДЗЕ Григол,
куржы усакIуэ.
1986 гъэ

Дигу ирохь

БАЛЪКЪЭРЫБЗЭКIЭ кьыдэбгъэкIа уи усэ тхыльхэм зыщIэ зы кьыгъуЕбгъэхьыныкIэ дыпщогугъ. Дэ уи усэхэр куржыбзэкIэ зыдодзэкI - тхыльыр щIэх дунейм кьытехьэнущ, ар куржьхэм я гуапэ зэрыхьунум щэч кьытумыхьэ: псомя дигу ирохь уи усэхэр. УефIэкIуэну ди гуапэщ.

ГОНАШВИЛИ Маквалэ,
куржы усакIуэ.
1986 гъэ

Дамэ къыптрагъакIэ

ГАЩIЭМ и уэрыпIэмрэ и куупIэмрэ кьыщIагъалъэ Гуртуев Сэлихь и усэ эм, ахэр сыт щыгъуи гъэнэщIащ. Гурыгу-гурыщIэ лъэщкIэ, Iупщ дыдэщ, бзыгъэщ - зыхыбощIэ ахэр зи усэ кьабзэ цIыку мафдэзэгубдзапIэм и гущIэм кьызэрыщIащ. Ар щIэ зыщIащ, нэхьыбжьи зэрыпхъэфIэныр хьэжьыу си фIэщ мэхьу.

ЧАХКИЕВ Саид,
ингуш усакIуэ.
Назрань, 1989 гъэ.

Си фIэщ мэхьу

СИ НЫБЖЬэГЪУ лъапIэ! Уэ уэзрыусакIуэшхуэр сощIэ, уэ пхуэдэ ныбжьэгъу сызэрыгъэ зэзыпфIэныр хьэжьыу си нащIэм тельщ - сотущ. Уэ уэзрыщIащ, нэхьыбжьи зэрыпхъэфIэныр хьэжьыу си фIэщ мэхьу.

ЧАХКИЕВ Саид,
ингуш усакIуэ.
Назрань, 1989 гъэ.

Уэшх щIыхуэ

Хьщ1 гъэхэм балъкъэр литературэм къыхьхьауэ щытащ зэфIэкI хъварзынэ къэзыгъэлъагъуэ усакIуэ щIалэ гуп. Абыхэм ящыщт Гуртуев Сэлихьи. Пэжыр жыпIэнымэ, тынштэкъым Кулиев Къайсын зи щIэ балъкъэр поэзием зыми емыщхьэ уи щыфIэныфэ узэрилъэгъуэну. Ар зэхъуэлIэнур, щэч хэмылъу, Iэзэгъэ, зэчий зыбгъэдэлъ цIыхурт. Апхуэдэу кьыщIэкIащ Гуртуев Сэлихь.

ГУРТУЕВЫМ и сабиигъэри и щIалэгъуэ щIэлъэгъуэ хуабжьу гугъу ехьу щигъэкIуащ балъкъэрхэр щрашам ар зэдэщIа Къыргызым. А илъэсхэрщ Сэлихь и зэхэщIыкIым, и дуней еплъыкIэм зэфIэувэн щыщIадзар. Куэдым егупсысу, куэдым гу льитэу кьэхъуащ ар.

И хэкум кьигъэзэжа нэужь, Гуртуевыр щIотIысхэз Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. Зэреджэм хуэдэхэр, ар щолажьэ «Коммунизмэ жол» газетым. Мыбы ар нэхъри щытогуцуэу тхэным. Газетым къытохуэ Сэлихь и усэхэр, очеркхэр. Ахэр радиокIэ къат. 1961 гъэм дунейм кьытохьэ абы «ПщэдджыжьЕ» зыфIищащ и яп тхыльыр.

1965 гъэм, район газетым и тхьэмадэу лажьэу, Гуртуевым кьыдегъэкI и етIуанэ усэ тхыльри. «ГъащIэ уэрэд» - арат зэреджэр а тхыльым. Абы гуапэу IущIауэ щытащ критикэр. Сэлихь и усэхэм кьыхэщыр ар гъащIэм гумы-загъэу зэрыкIэлъыплъыр, и лъэхъэнэгъуэхэм я гурыгъу-гурыщIэхэр, ахэр зыгъэгуфIэр, зыгъэзнэщхьэйр кууэ зыхущIэнымэ зэрыхъущIыжьыр.

1967 гъэм Москва къыщыдокI «Синий ливень» уэ тхыльыр. Абы усакIуэр къэрегъэщIыку урыс тхыльеджэхэми. ЩIэщыгъуэу, жану, гупсысэ куу, гурыщIэ кьабзэ яхэлъу гъэпса усэхэм тезгъуахуэу газетхэм тхыгъэ зыбжанэ кьытохуэ.

Сыт хуэдэ Iэнатlэ Iутами, Гуртуевым зэи зэпигъэуэкьым и творческэ лажьыгъэр. Абы кьыдигъэкIащ тхыль 27-рэ. И тхыгъэхэм усакIуэм кьыщIэтI щIыхуэхэр зыгъэпIейтей, абыхэм яубзыхуну зыхуей, гъащIэм щIынэхъыщхьэу зыгъэпытапхъэ Iуэхугъуэхэр. Сэлихь хуащIыжу ахэр бзэ щэрыуэкIэ, образ, зэгъэпщэныгъэ щIэщыгъуэхэмкIэ кьИуэятэм икIи ар кьоХуэлIэ. Абы и усэхэм, поэмэхэмкIэ къыдэкIа щIэзыхьох. Цыхуэхэм я закъуэкьым ахэр зейр. УсакIуэм кьеГъэпсалъэ тхыдэри, зэманри, жыгхэри, бгыхэри. Абы нэхэри гъэщIэгъуэн щIэ Сэлихь и тхыгъэхэр.

Гуртуевым и IэщI хэкум, лъэпкъым, щIыхьым, ныбжьэгъуГъэм, лъагъуныгъэм теухуа усэ куэд. Сыт хуэдэ темэ кьиIэтми, абы хуэзфIокI иджыри къэс гу зылъамыта бгъэдыхьэкIэщIэ гуэр къигъуэтын. Ар и щыхьэщ усакIуэм гупсысэ жан зэрИэм.

Сэлихь емышу, щхьэх имыщIэу дунейм кьытригъэхьэ и тхыгъэхэм кьадэкIуэу, лэжьыгъэшхуэ ирегъэкIуэкI езым и анэдэлхъубзэмкIэ нэгъуэщI лъэпкъхэм ящыщ усакIуэхэр кьэгъэпсэлъэныр хуэунэтIауэ. БалькъэрыбзэкIэ зэридзэкIри, абы кьыдигъэкIащ къэбзэрдей усакIуэхэу ПащIэ Бэчмырзэ дежь кьыщыщIэдзауэ нэхъыщIэхэм нэс я лирическэ усэхэр зэрыт тхыльхэр.

Къэбэрдей поэзием екъэлIауэ Сэлихь лэжьыгъэшхуэ зэфIигъэкIащ. Абы балькъэрыбзэкIэ зэридзэкIри, 2006 гъэм кьыдигъэкIащ къэбэрдей усакIуэ 32-м я усыгъэхэр зэрыт «ГъащIэ мафIэ» антологиер. Апхуэдэ тхыльэ дунеим япэу кьыщыхьтехьэр иджыщ. Абы папщIэ Гуртуевым хуэфащэщ фIыщIэ ин.

Апхуэдэу Iэзэу абы балькъэрыбзэм кьригъэзэгъащ югослав, поляк, тырку, болгар усакIуэхэм, Маяковскэм, Есенинымэ, Симоновым, Пастернак, Гамзатовым, Кугультиновым, нэгъуэщIхэми я тхыгъэхэр.

Гуртуевым и ныбжьыр ильэс 70 ирокIу. Ар иджыри жанщ, узынышэщ, куэд илэжьауэ нэхъыбэжьми и гур хуоплъэри, ди гуапэщ, хъуэпсапIэу ящ псори кьехъулIэну.

АБАШИДЗЕ Григол,
куржы усакIуэ.
1986 гъэ

Дигу ирохь

БАЛЪКЪЭРЫБЗЭКIЭ кьыдэбгъэкIа уи усэ тхыльхэм зыщIэ зы кьыгъуЕбгъэхьыныкIэ дыпщогугъ. Дэ уи усэхэр куржьбзэкIэ зыдодзэкI - тхыльыр щIэх дунейм кьытехьэнущ, ар куржьхэм я гуапэ зэрыхьунум щэч кьытумыхьэ: псомя дигу ирохь уи усэхэр. УефIэкIуэну ди гуапэщ.

ГОНАШВИЛИ Маквалэ,
куржы усакIуэ.
1986 гъэ

Си фIэщ мэхьу

СИ НЫБЖЬэГЪУ лъапIэ! Уэ уэзрыусакIуэшхуэр сощIэ, уэ пхуэдэ ныбжьэгъу сызэрыгъэ зэзыпфIэныр хьэжьыу си нащIэм тельщ - сотущ. Уэ уэзрыщIащ, нэхьыбжьи зэрыпхъэфIэныр хьэжьыу си фIэщ мэхьу.

ЧАХКИЕВ Саид,
ингуш усакIуэ.
Назрань, 1989 гъэ.

Гурыщ1э куу

Акъ-Су къуажэр Налшык къалэм и гъунэгъуэщI - километрипщI хуэдизщ зэрыпэжыжьэр. Кавказ къуршыщхъэ хуэжьэм ущыIуоплъэ а къуажэм, ар къаухъуреихьащ бжей, дей мэзхэм. А щыпIэр Къэбэрдей-Балкъэрым и нэхъ дахапIэхэм ящыщ. Балькъэр усакIуэ, тхакIуэ зыбжанэм я лъахэщ ар. Аращ Гуруе Сэлихьи къыщалъхуар, анэ бидзыщэ щефар. Абы и анэр, Абат, си шыпхъу Мариам и ныбжьэщхьщ. Щэджэм псыхъуэ къыщыкIуащ. СызэрыщIыкIу лъандэрэ сцIыхурт ар, сощIэж абы и адэ-анэрэ - цIыхуэм ящыгъупщакъым ахэр иджыри къэс, я хъыбарыфI яIуатэ.

УсакIуэм и адэр, СультIанбэ ч, Хъулам кьиIэпхъ укIри, Акъ-Су къыдэтIысхьащ. СультIанбэч Хэку зауэшхуэм хэкIуэдащ - Сэлихь сабийр и адэм и гъащIэр хэкум щыщIэпам щыгъ уэ.

ЗИ АДЭР зыщхьэщымытыж Сэлихьрэ абы и щыпхъэ-жьымрэ фызабэм иплащ, иригъэджащ. И хэкуракьым Сэлихь балигъ щыхъуар - и лъпкъэгъуэхэм кьраха лейр сабийуэ щигъэващ хамэ щIыналъэ жьыкъэм. Езым хуэдэхэм иригъэхъуэпсащым зэшитIыр я анэ гумащIэм - абы щыгъуэми хамэ хэкум ильэс пщыкIутI щигъэкIуэн хуей хьуауэ, зэрыжаIэу, и псэр дзапэкIэ иIыгъыу, гъащIэм и удын хьэлъэхэр кьытехуэ зэпыту. Аращ Сэлихь и усэхэм анэм и образэр куэд дыдэрэ кьыщIыхэхуэр - ар зэи Iэщ1ыб имыщI образщ ди усакIуэм.

Балькъэр усыгъэм хуэфащIэ пщIэ щиIэщ ди кьэралым, абы и фIыщIэ жьыкъэ щыIуащ, лъэпкъ гъунапкъэхэм щхьэдэхащ. Кьэрал саугъэт лъапIэхэр щэнейрэ кьратащ балькъэр усакIуэхэм - ди лъэпкъ мащIэм дежкIэ ар пщIэшхуэщ. ЩIэблэ зыбжанэм я гуащIэдэкIщ зи цIэр жьыжьэ щыIуа ди поэзием и хъугъуэфIыгъуэхэр, ахэр ирокIуэ ди усакIуэ щэджащ Кязим пхиша гъуэгум, а гъуэгум кьыщебл зэпытщ абыхэм я кьарур, щофIакIуэ я усэр.

Балькъэр усэм и дамэр зыщэщ, ар езыгъэфIакIуэ усакIуэхэм ящыщщ Гуртуев Сэлихьи. Абы и усэм хэль мафIэр зыхащIэ ди литературэм зэрызиужь гъэсыгъанэхэм кIэлъыплъ дэтхэнэми. Куэд кьыщеухуIащ Сэлихь и гъуэгум, нэхъыбэж кьыщехьулIэнур дяпэкIэщ - абы щы кьытесхьэрыкIэм. Хъэ тхыль куэд кьыщIэкIащ Сэлихь и Iэдакъэ, си фIэщ мэхьу и усыгъэ нэхъыфI, нэхъ купщафIэ, нэхъ щэрыуэ дыдэхэр дунейм дяпэкIэ кьыззэрытехьэнур. Си фIэщ щIэхьур Сэлихь зэфIэкIыщIу экIэ Тхъэр кьыззэрыхуэупсар солъагъуи арщ. ЗэфIэкIым хуэфащэщ щIэныгъэрэ гуащIэрэ тебзэлъщ Сэлихь, солъагъу абы и гурыщIэ зэрыкуурэ, зэрыкъабзэрэ, езыр зэрыгумызагъэр, зэрыымахуэр, зэрынабдзэгубдзапIэр - апхуэдэдэущ усакIуэр щытын зэрыхуейр. Апхуэдэ усакIуэ Сэлихь - и кьалэмыр жанрэ и гуащIэр кууу, и псэр дахэрэ и псальэр щIэщыгъуэу.

Усэм и кьарур инщ, лъэпкъым кьыдэхуу хьугъуэфIыгъуэ нэхъ лъапIэ дыдэхэм ящыщщ ар - апхуэдэу елыгъэ усэр езы лъэпкъым: абы иробжьыфIэ, иропагэ, зыпищI щыIэкъым. Дауи, ар гурыщIэ куукIэ уэздамэ, цIыхуэм и гущIэлъапсэм кьипсэлъыкIмэ! Апхуэдэущ сэ Сэлихь и усэр кьыззэрысщыхьр. Псалъэ дыгъэлъым сэ абы хужыслэр - си гумрэ си псэмрэ кьыбгъэдэкI псальэщ. Езы Сэлихьщ и пщIэр кьэзылэжьар - и усыгъэ хьэлэмэтхэмкIэ, и псальэ жанымкIэ. Ар щIыжьысIэр усэм и мыхьэнэр зэрыниным иджыри зэ гулыбзэгъэт эн щхьэкIэщI. Усэр зэштеуплэу зылъытри щыIэнщ - ари сощIэ сэ. Сэлихь апхуэдэ усэкIуэхэм ящыщкъым, сэ ар яхэзгъэкIа ди усакIуэ пажэхэм, нэхъ гуащафIэ дыдэхэм. Аращ абы и гъуэгур кIыхь зэпхъуэнум щэч лъэпкъ кьыщыIетэмыхьэр.

Сэлихь балькъэрыбзэкIэ зэридзэкIащ дуней псом щыцIэрыпIэ куржы усакIуэ Руставели Шота и «Къапльэныфэ щыщIэ зекIуэлI» поэмэр. Лэжьыгъэ ин дыдэщ ар, абы утегушхуэн щхьэкIэ, зэфIэкIини, гуащIэшхуэн, щIэныгъэшхуэ уиIэн хуейщ. А псор зэрыбгъэдэлъыращ, дауи, абы Сэлихь щытегушхуэр. Икли кьехьулIащ: куржы усакIуэ цIэрыпIуэр ди бзэкIэ кьигъэпсэлъэн хуэзфIэкIащ. Сэлихь и щIыжьыкIэ зэрыхуэпщIыр. Уи насыпыр убагъуэ, уи гъуэгурэ уи гъащIэмрэ кIыхь ирехьу, уи пщIэмрэ уи щIыхьымрэ хрехьу зэпыт.

СОЗАЕВ Ахъмэт,
Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и ТхакIуэхэм я союзым и правленэм и тхьэмадэ.

Ныбжьэгъу пэж

ПщIэ зыхуэтщI Сэлихь!

Куэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ТхакIуэхэм я союзыр гурэ пэжкIэ кьохьуэхьу балькъэр усакIуэ, журналист, жыларгъэ лъэжьакIуэ цIэрыIуэм - уи ныбжьыр ильэс 70 щрикъу махуэм и щыхьыкIэ.

Уи усыгъэхэмрэ уи Iуэхугъаф эхэмкIэ уэ узыхуэлажьэр уи лъэпкъым и закъуэкьым, уэ богъафIэ ди республикэм ис лъэпкъэм яку дэлъ ныбжьэгъугъэмрэ кьуэшыгъэмрэ, ахэр нэхъри ефIэкIуэн папщIэ, уэ уи кьаруи уи гуащIи уеблэрэкьым. Уи усыгъэхэр ди хэку гъунапкъэхэм зэрыщхьэдэхэр куэд щIащ, уи псалъэ жаныр жьыжь щоIу ноб3, дяи щыпсэу щIыхуэр фIыгъуэмрэ зыуэзщIыныгъэмрэ хураджэу.

Ди кьуэш лъапIэ Сэлихь, дэ дрогушхуэ уэ пхуэдэ ныбжьэгъу пжь дыдзэрIэм, махуэ кьэси ди нэгу щIокI литературэм кьыщIэхъуэ щIэблэхэм зэпымыууэ гулъытэ зэрыхуэпщIыр. Уи насыпыр убагъуэ, уи гъуэгурэ уи гъащIэмрэ кIыхь ирехьу, уи пщIэмрэ уи щIыхьымрэ хрехьу зэпыт.

КУЛИЕВ Къайсын.
1982 гъэ.



Айтматов Чингиз, башкир усакIуэ Бухараев Равиль, Тешпеев Алим, Гуртуев Сэлихь.
Налшык, 1995 гъэ.

Тхъэр зыхуэупса

Нобэрей балъкъэр усыгъэр зыгъэбжьыфIэхэм ящыщщ 1938 гъэм Псыкъу (Белая Речка) къыщалъхуа Гуртуев Сэлихь. Си адэр Хэку зауэшхуэм хэкIуэда щIалэ цIыкIуэ цасэу ЕнатIэ хьэтъ Iууваш: деншхуэ зыгъэцIысауэ щыта балъкъэрэр зэдаша щIыналъэ жьыкъэм къыщыкIуташ и анэ фызабэмрэ и къуэш нэхъыщIэмрэ я гъусэу. И сабиигъэр абы щигъэкIуащ. Курыт школым къыщыухари. Ар щащ.

БАЛЪКЪЭР лъэпкъыр зыхадза хьэзабыр щхьэщахьжа нэужь, 1957 гъэм абыхэм къагъэзэж я лъахэм. Сэлихь 1963 гъэм Къэбэрдей-Балкъэр къиухри, журналисту куэдрэ лэжьащ. Кьулыкъыщхьэу ЕнатIэхэри зэрихьащ. Ауэ, дэнэ щыIами, пасэу гу зыхуэщIа усэхэр зэи Iэщ1ыб ищIакъым. Зи яп уэсэ тхыльыр («Пшэдджыжь») 1961 гъэм дунейм кьытехьа Гуртуев Сэлихь балькъэр литературэм зезыгъэужьащ. Ар ильэс хэм, абы пасьэщIэ щыжьызыIэнуэхэм зэращыщым занщIэу гу лъатащ тхакIуэхэми, критикхэми, тхылъеджэхэми. Щытхъу куэд кьыпIыгъауэ ТхакIуэхэм я Union-гъуэу балькъэр литературэм хуэлажьэ, и къаламыпэм къыщIэкIа усыгъэхэр щыхьэхуэсэауэ анэдэлхъубзэкIэ урыс-ирыт-ирыт тхыль бжьыгъэ хуэзыгъэхьэ Гуртуев Сэлихь.

Гуртуев Сэлихь зэридзэкIащ адыгэ усакIуэхэм я Iэдакъэщ1экIэм щыщ куэд. Ахэр щыщхьэхъэсауэ балъкъэрыбзэкIэ тхылъышхуэ (антологие) Налшык кьыщыдэкIащ. Псалъэ дыгъэлкIэ мыхьэу, зэкъуэщыгъэ-зэнаIуэдэущ Гуртуев Сэлихь зэдзэр-зэуэдэущ Iуэхугъэ кьыззэрагъэльагъэр. Илъэс щэ ныкъуэм нэблигъэауэ езыри соцIыху и творчествэми сыпащIэ, а тхылъыр щхьэпэ зэрыхъуам шэч хэлъкъым. Си щхьэкIэ сропагэ а тхылъым сэри увыпIэ гуэр кьыззэрыщыслъысам - ар язогъэлъагъу кьыздатхъуахэм, ди унэ кьихьхэм. ТворчествэкIэ уэздзэгуэшэри зэкъуэшыгъэзэнныбжьэгъугъэм и нэщIэнэхэр ящыщ зыуэ зышъэлытэ. Аращ сэри лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ Iэдакъэ я тхакIуэхэм, усакIуэхэм я Iэдакъэщ1экI куэд щIыпхъэздзэкIыр. Мечиев Кязим и деж къыщыщIэдзауэ Ахматовэ Сафариятк1э нухьку ху эи тхыгъэ зэзмыдзэкIа яхэту къыщIэкIынкIым балъкъэр тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ. Пжщ, сэ ахэр зэхуэхьэсауэ зэрыт тхыль кьыслхуэдгъэкIакъым - абы щхьэкIэ уиIэн хуейщ си ныбжьэгъу СэлихьИ и ныбжьэгъу СэлихьИ и щIыпхъэмрэ и зэфIэкIымрэ хуэдэ... А лъэныкъэмкIи сохъуапсэ си журналистэгъуэ, си усакIуэгъуэ, ди щыгъупаСто зэIуПу кьыздэгъуэгурыкIуэ Гуртуев Сэлихь. Сэфыгъуэкъым - сехъуапсэу аращ.

Творчествэм къыщIыпхъ ехъуIэныгъэхэмкIи уи дуней тетыкIэмкIи куэд зэ хъуэгъэ, зыгъэгуфIэн Тхъэм уищI. Сэлихь!

ЕлГъэР Кашифщ.

Пхъэ фалъэ

Мэлыхъуэ пщыIэ лэгъупжь бгырысым
Ухъыхибзыкlащ къолIэлIапэу пхъэм.
Иджы сыт щыгъун, абы уригъусэу,
Уэрн уитщ бгыхэм я щыгу, уещхьу бгъэм.
Ерэныр пIэнкIыу зэрыт а пхъэ фальэ
СIэщIэту мэзхэм, бгыхэм соплъри, нэр
Iопlъызэ слъагъуэхэм. Си щхьэ гупсысалъэм
Хэпльэгъуэгу щыхъэм ягъэпIейтей лъыр:
Сльагъу сфIощI жьы фийхэр щытепщэ пшахъуалъэ
ЩIыпIэу зэгуэр дэ пъэхъуэщ тхуэхъугъар
А зэман бзаджэм щыгъун уэ, хъэ фалъэ,
ДыщумыгъащIэу ерэн утщIыгъащ.
Ди псэм теIъ гуаэу фIыщIэм дуней нэхур
ШIищIам кIыфI хэту дамыгъэм уэтщIащ -
Бгырысхэм ІитIкIэ ухуахьт я жьанIэхум.
Тхъэм къыпхунщIэж уэ ахэм яхуэпщIар...
ЙошкIурэх Псыкъэхъ, мывэхэм къадэфэу.
Жыг ныбкь щхьунтIэхэм зыхагъапскIэ псым.
Сщохъу псыуэ дунейм тетым я нэхъ IэфIу,
Пхъэ фальэкIэ ар щипфкIэ, дыхьэу дзэм.
Хэку мывэр щхьэнтэм нжъэр щщохъу нэхъ щабэу.
Жэнэтым хэку щIыналъэр щоДжэмI.
Пхъэ фальэ! ХьэщIэм ухуашIуэ гуапэу
Тхъэм угъэнщIауэ ирыунгъэхъэкI.
Зэзыдзэкlар **ЕлГъэР Кашифщ.**

ГУРТУЕВ Сэлихь

* * *

ПщIыхьэпIэм хэту, жэщкIэрэ ди адэ
Заузшхуэм хэкIуэдахэр къытхуокIуэж.
Зэману сыт хуэдиз дэкIа атьандэм?
ИтIани мохэр щIалэу къытхокъэж.
Гуауэр сыт ПщIыхьэу фIэкIкIэ, дэ нахуапIэу
ТIыгъужьхьым ахэр. Сэ лIот сызыхуейр?
Ди адэм си щхьэм Iэ кьыдиIъэу гуапэу
И шыпIлIэм сыдигъэсмэ, си дунейт.
Ауэ а си хъуэпсапIэ мащIэ тIэкIур
Заузэ мафIаём хисхьащ и лыгъейм.
И бынхэр, адэ-анэхэр, я Хэкур
Икъумэн папщIэ гъуэгу техьа щууей
Си адэ щIалэм нэ хъэрэ нэжьыжь сыхъурн,
Быни згъуэтащ, кьуэрыхъуэн снIэ хъуащ.
Ауэ пщIыхьэпIэхэм сыщщIыкIыщ сыт щыгъун -
А ныбжьым ситуд сядэр щысльэгъуар...
Тхьэ сыфхуотьэлу, си бынхэ, фэ си махуэр
КьыфхуэмыкIуэну: пщIыхьу мыхьэу - нахуэу
Зыщхьэщыгъын фIхъуну фядэр. Ауэ, -
Нобэ сынасыпыфIэмэ, пщэдей, -
Тхьэм ар жимыIэкIэ, - кьэхъу хъужьыкъуэм зауэ,
Сядэм ищIам нэ хъ щапхъэфI сыхуэмей.

Къэбэрдей-Балкъэр сфIэмащIэщи, сигу къоуэ

Балъкъэр усакIуэ цIэрыIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ Гуртуев Сэлихь ильэс 70 ирокъу